

## SARI

Firstyani, Esti Dian. 2009. *Human Trafficking* dalam Novel *Astirin Mbalela* Karya Suparto Brata. Bahasa dan Sastra Jawa. Fakultas Bahasa dan Seni. Universitas Negeri Semarang. Pembimbing I: Yusro Edy Nugroho S.S., M.Hum. Pembimbing II: Drs. Sukadaryanto, M.Hum.

Kata Kunci: *Human Trafficking*, Sastra Jawa Modern, Novel Jawa, Sosiologi Sastra.

Novel *Astirin Mbalela* karyane Suparto Brata yaiku salah sawijining karya sastra sing duweni kekuwatan ing sajroning crita ngenani masalah manungsa lan kamunangsan sing miyak dedagangan manungsa (*human trafficking*). *Human trafficking* sing dijlentrehake sajroning novel *Astirin Mbalela* yaiku ngenani gambaran kang nyata sing dumadi ing masyarakat utamane ngenani wong-wong cilik utawa klas ngisor utamane wong wadon sing dibungkus sarana karya sastra. Kayata *human trafficking* kang nyata, pengarang nyritakake ngenani wujud-wujud kegiatan *human trafficking* ing novel *Astirin Mbalela*.

Permasalahan kang dibahas ing skripsi iki yaiku kepriye wujud-wujud kegiatan *human trafficking* ing novel *Astirin Mbalela* lan kepriye gandheng cenenge panemu ngenani *human trafficking* ing novel *Astirin Mbalela* karo panemu masyarakat ngenani *human trafficking* sing digambarke ing media massa cetak *Kompas*. Saka permasalahan ing dhuwur, ancas sing bakal digayuh yaiku miyak wujud-wujud kegiatan *trafficking*, lan miyak gandheng cenenge rong panemu ngenani *human trafficking* ing novel *Astirin Mbalela* karo *human trafficking* sing digambarke ing media massa cetak *Kompas*.

Pendekatan sing digunakake ing penelitian iki yaiku pendekatan sosiologi sastra, teorine nganggo teori sosiologi sastra miturut Ian Watt yaiku sosiologi karya sastra sing ngeboti yen sastra minangka kaca saka panguripane masyarakat. Metode sing digunakake ing penelitian iki yaiku metode deskriptif analitik sing bisa ngewangi miyak wujud kegiatan *human trafficking*, lan gandheng cenenge panemu masyarakat ngenani *human trafficking* ing novel *Astirin Mbalela* karo panemu masyarakat ngenani *human trafficking* sing digambarke ing media massa cetak *Kompas*.

Asil analisis penelitian iki nuduhake yen cundhuk karo analisis sing dilakokake, sarana fakta crita kang arupa alur, tokoh, lan latar bisa miyak wujud-wujud kegiatan *human trafficking* sing ana ing novel *Astirin Mbalela*. Alur sing condhong karo gandheng cenenge karo *human trafficking* ana neng penggawatan, konflik mulai munggah lan klimaks. Kegiatan *human trafficking* adhedhasar jlentrehan ing dhuwur dilakokake dening rong pihak yaiku kulawarga utawa sing isih duwe gandheng ceneng sedulur karo korban, sing dadi pelaku ora liya yaiku pakdhe lan mbokdhene Astirin dhewe yaiku ngereh-reh Astirin sing isih during cukup umur supaya gelem kawin karo Buamin merga wis nampa dhuwit saka Buamin. Wujud kegiatan *human trafficking* sing dilakokake dening Johan Nur yaiku ngajak calon pegawe wadon sing isih nom yaiku Astirin kanthi cara ngapusi lan nglakokake ngrudapeksa kanthi mrawasa lan Pak Bas minangka agen tenaga

kerja peteng nglakokake kegiatan arupa ngereh-reh lan ngiming-imingi kanthi dijanjeni mergawe ing pabrik kanthi gaji gedhe, ndhelikake korban ing sawijining hotel, ngangkut korban sarana telung jalur yaiku kanthi nggunakake angkutan desa, montor mabur, lan kapal laut, mindhahake korban saka panggonan siji menyang panggonan dhedhelikan liyane kayata gudhang kosong ing Tarakan, nggawa korban kanthi nggunakake prau menyang Nunukan, ngedol menyang panampa utawa *human traffickers* liyane ing Tawao, Malaysia kanggo didadekake wong pelayahan utawa lonthe. Latar wektu ing novel *Astirin Mbalela* dumadi nalika taun 1990-an kanthi latar sosial klas sedhengan mengisor. *Human trafficking* sing digambarke ing novel *Astirin Mbalela* yaiku wujud kegiatan *human trafficking* sing ana ing kedadayan temenan. Panemu sing digambarake ing Harian Kompas taun 2000 nganti 2009 yaiku jawaban sing ndhukung kanggo nguwatake anane analisis penguripan *human trafficking* sing ana ing novel *Astirin Mbalela* kanthi nyata.

Adhedhasar asil analisis ing dhuwur, novel *Astirin Mbalela* iki supaya bisa didadekake bahan wacan dening para sing maca lan sing seneng sastra sing bisa didadekake bahan pelajaran supaya luwih mangerteni ngenani wujud kegiatan *human trafficking* sing kedadayan ing Indonesia, dadi sing maca bisa njupuk hikmahe kanthi ora niru lan nyonto tumindak sing ora apik lan bisa uga didadekake pamikiran supaya bisa mikir kanthi cara kreatif lan kritis kanthi ndelok fenomena-fenomena panguripan ing masyarakat. Banjur, pengkajian karya sastra khusus novel sing temane sosial becike bisa dilakokake kanthi kerep supaya rasa tepa slira marang masalah sosial sing ana ing masyarakat dadi luwih ngresep.